



Build Health
International

20
25

Rapò
Anyèl



Build Health International rete angaje nan pwomosyon aksè a swen sante ki di y ak ekitab atravè lemond, menm lè kad entènasyonal yo nan domèn sa a ap chanje akòz nouvo priyorite mondyal.

Yon nouvo chapit nan swen sante matènèl ak neonatal ap louvri byento nan Sierra Leone. Yon sant fòmasyon nan Rwanda ap prepare enjenyè byomedikal ak patenè nan Ministè Sante yo sou fason pou tcheke ak fè antretyen ekipman medikal. Yon ekspansyon kanpis ak renovasyon laboratwa resamman rann posib plis rechèch syantifik ak kolaborasyon pou prevansyon maladi enfektye nan Nijerya.

BHI reyalize plizyè siksè nan dènye ane fiskal ki sot pase a. Men nou fè fas ak plis obstak tou. Eliminasyon pwogram sante ak finansman ki te vini nan men gouvènman federal Etazini, ansanm ak chanjman nan priyorite entènasyonal yo, ralanti e menm retire dwa fondamantal pou pi bon swen sante nan plizyè rejyon nan lemond.

Nou santi efè domino sa yo dirèkteman sou travay nou, sitou an Ayiti, kote ekip nou ap fè fas ak gwo defi politik ak sosyal. Sa tris pou konstate ke mwayen ki pèmèt kenbe ak soutni enfrastrikti swen sante souvan se premye eleman yo koupe nan bidjè yo.

Nan tout zouti nou gen a dispozisyon nou, inovasyon, adaptabilite, ak detèminasyon se kle ki pèmèt nou avanse. Objektif nou pou bay espas adekwa, fòme epi soutni fòs travay teknik nan zòn ki gen resous limite, vin pi enpòtan pase jamè anvan. Enfrastrikti ki djanm ak dirab se baz ki garanti swen sante ki djanm ak dirab tou.

Nan Build Health International, travay pou bati ekite nan swen sante se rezilta plizyè milye ti aksiyon entansyonèl. Travay sa a pi enpòtan pase jan I te ye anvan. Chak tach, chak patenarya, chak chajman kontenè, chak men, chak vwa, se yon pilye nan fondasyon ekite sante mondyal. Malgre defi yo vin pi gwo, n ap kontinye avanse avèk detèminasyon, rezistans, ak vizyon klè.

An tout solidarite,

Ekip Lidèchip BHI



Sant Ekselans Afriken pou Jenomik Maladi
Enfektive(akwonim angle : [ACEGID])
Enstiti Jenomik ak Sante Mondyal
Inivèsite Redeemer, Ede, Nijerya

Tab Matyè

02

Yon mesaj lidè nou yo

05

Yon apèsi ane ki sot pase a

07

Enpak ane fiskal 2025

10

Anplwaye an vedèt

15

Rapò espesyal : faz pwojè yo

17

Pwojè an vedèt

25

Kominote nou an

27

Angaje nou

✂ Yon apèsi ane ki sot pase a 2024



An patenarya ak Mercy Ships, konstriksyon **Sant Fòmasyon Dantè Gamal (Gamal Clinical Dental Training Center)** nan Inivèsite Conakry nan peyi Gine rive nan fen li.

JIY

OUT

Konpayi **Latricrete** vizite Sant Ekselans Matènite (Maternal Center of Excellence, MCOE) nan Sierra Leone pou fòme ekip lokal la sou fason pou enstale planche espesyalize.



Kofondatè BHI a resevwa pri **Purpose Prize nan men AARP (American Association of Retired Persons)** pou fondatè òganizasyon san bi likratif ki itilize eksperyans ak ekspètiz yo pou kreye chanjman ki gen sans nan lemond.

SEP

OKT

Sant **ACEGID** chanje non li pou vin Institute of Genomics and Global Health epi li ouvri pòt nouvo kanpis li a pou premye fwa.



Achitèk ak manadjè pwojè BHI yo vizite **sant santè matènel Teerwode (Terrewode Maternal Health Center)** nan peyi Ouganda pou rankontre patnè yo ak fè evalyasyon sou sit la.

NOV

DES

An kolaborasyon ak Health Equity International ak Fondasyon W.K. Kellogg, BHI prepare lansman sistèm solè **Lopital St. Boniface nan Fond-des-Blancs, Ayiti**, ki gen kapasite pou pwodwi jiska 554 kWp elektrisite.



2025



BHI kòmanse konstriksyon sou **Dòtwa Dorma ak Sant Fòmasyon (Dorma Dormitories and Training Center)** nan Sierra Leone, yon nouvo etablisman ki pral loje ak ekipe pèsònèl medikal k ap travay nan lopital gouvènman ki toupre a.

JAN

FEV

Revi The Lancet pibliye yon etid **detaye** sou inegalite nan aksè ak oksijèn medikal, avèk konsèy teknik nan men BHI, ki mete aksan sou enpòtans kolaborasyon teknik pou redui diferans sa yo.



BHI vwayaje nan peyi Kameroun pou fè vizit sou sit kote y ap konstwi yon lopital pedyatrik an kolaborasyon ak **African Children's Healthcare Fund**.

MAS

AVR

Ekipe achitekti BHI a fini ak tout plan vizyèl yo pou **Onda Health**, yon ti misyon medikal ki fonksyone nan Purulhá, Baja Verapaz, Gwatemala.



Travay konstriksyon kòmanse sou yon **nouvo lopital nan Rwibaale, Ouganda**. An patenarya ak African Mission Healthcare, BHI prepare plan devlopman kanpis la, ki gen ladan sèvis entènè ak ekstènè, yon depatman ijans, ak espas pou swen matènèl.

ME

JEN

Ekipe konstriksyon BHI a fin ekipe enteryè South Ward nan **Sant Ekselans Matènite nan Sierra Leone (Maternal Center of Excellence in Sierra Leone MCOE)**, sa ki pote etablisman an yon etap pi pre ouvèti ofisyèl li, prevwa pou kòmansman 2026.



Enpak Ane Fiskal 2025



93

Pwojè aktif



18

Peyi ak pwojè aktif



40

Pwojè BHI konplete



37

Patnè òganizasyonèl




25

Peyi orijin reprezante nan ekip la

15
lòt peyi
atravè lemond

28
Sierra
Leone



141
Membres de l'équipe à
temps plein et contractuels

9
Rwanda

22
Ayiti

58
Etazini





Anplwaye an vedèt

Nan Build Health International (BHI), ekip nou an se yon melanj vivan pwofesyonèl plen talan ki soti nan tout kwen lemond. Chak moun pote konpetans, vizyon, ak eksperyans diferan ki ranfòse kapasite nou pou nou kreye solisyon inovatè nan domèn sante mondyal. Kit se nan achitekti, enjènyeri, lojistik, oswa fòmasyon, chak manm ekip la pataje menm misyon: asire swen sante ki diy posib pou tout moun, tout kote.

Ansanm, nou pa sèlman bati bilding ak sistèm — nou bati konfyans, kapasite, ak yon avni pi an sante.



Keysi De Los Santos

Kowòdonatè Sipò Lojistik | Etazini

« Bati lopital vle di sove lavi — e travay nou nan depo a se sa ki rann sa posib »

Pou Keysi De Los Santos, yon depo se pa sèlman yon zafè palèt ak lis anbalaj — se la diyite swen sante kòmanse. Antanke Kowòdonatè Sipò Lojistik BHI, Keysi jwe yon wòl esansyèl pou asire materyèl medikal vital yo rive an sekirite e avèk efikasite nan lopital ak klinik atravè lemond. Li jere yon envantè ki toujou ap deplase rapidman; li anbale e voye ale chajman soti nan nouvo depo BHI a nan Gloucester, Massachusetts, sou delè sere. Pou chak chajman, li pran an konsiderasyon kondisyon kote materyèl yo pral rive (move wout, ekipman limite, oswa chanjman sezon) epi li adapte estrateji li pou asire tout bagay rive san domaj.

Pou yon chajman espesyal pou Ayiti, li te konstwi yon kès pèsonalize pou pwoteje yon machin anestezi. Pandan transpò a, machin nan te tonbe nan yon kamyon sou yon wout aksidante, men li te rive nan lopital la nèt san domaj. Atansyon Keysi sou detay ak konpetans li nan manyen materyèl yo fè diferans: ekipman an te pare pou enstalasyon imedyat, sa ki pèmèt doktè yo delivre swen kritik an sekirite. Chak kès, chak kontenè se yon prèv travay li: li pa sèlman voye ekipman ale ; li voye diyite, sekirite, ak espwa.



Sola Da Silva

Achitèk | Etazini

« N ap mete an plas kondisyon pou moun ka fleri — e se kalite travay sa a mwen te toujou reve fè. »

Sola Da Silva te rantr nan BHI apre li te enspire pa travay òganizasyon an nan Nijerya, kote li fèt. Antanke etidyan achitekti, li te atire pa fason BHI konbine konsepsyon ak jistis sosyal pou bati nan kominote souvan neglije yo. Koneksyon pèsònèl sa a kontinye gide vizyon li jodi a. Youn nan pwojè ki gen plis enpak Sola patisipe ladan li se Institute of Genomics and Global Health (ansyen African Centre of Excellence for Genomics of Infectious Diseases) nan Ede, Nijerya. Nouvo kanpis la fèt pou sipòte rechèch byomedikal ak jenomik, epi fòmè pwochen jenerasyon syantis afriken yo. Pwojè sa a refleto vizyon alontèm BHI, ki se ranfòse kapasite lokal yo, bati sistèm dirab, epi kreye espas kote solisyon devlope pa ak pou kominote yo.



Kevin Ndeti

Enjenyè Elektrik | Kenya

« Diyite nan swen sante kòmanse ak diyite nan enfrastrikti. »


Avèk fòmasyon ak eksperyans pwofesyonèl nan domèn enjenyèri elektrik nan Kenya, Kevin Ndeti kòmanse chak pwojè ak yon apwòch ki santrè sou ekite, kolaborasyon, ak enpak alontèm. Travay li nan BHI ale odela konsepsyon Teknik; li travay kole-kole ak travayè sante, teknisyen, ak operatè sistèm yo pou konprann reyalitye yo viv chak jou. Pwosesis sa a asire ke chak sistèm adapte ak kontèks lokal la, soti nan izin oksijèn ki mache ak enèji solè rive nan amelyorasyon efikas lopital yo.

Kevin te sipòte yon evalyasyon elektrik nan AIC CURE Kijabe Hospital nan Kenya, kote ekip li te ede mete sou pye yon solisyon solè ki elimine blakawout ki genyen souvan epi amelyore operasyon lopital la. Li kontinye bay sipò teknik atravè Pwojè BOXER, pou asire oksijèn medikal kontinye koule kote yo bezwen li plis la.

Rene Gasana

Achitèk ak Planifikatè Medikal | Rwanda

« Fòk nou sonje chak moun merite omwen diyite antanke èt imen. »



Pou Rene Gasana, achitekti depase konstriksyon; se yon zouti pou jistis sosyal. Kwayans sa a soti nan anfans li nan Rwanda, kote li te temwen diferans ant konfò prive ak neglijan piblik, yon reyalitye ki te fòmile detèminasyon li pou l chanje lide ke gen moun ki merite mwens. Depi Rene rantre nan BHI, li achemine pasyon sa a anvè pwojè solid ki pote gwo enpak. Li mete an avan travay li sou Cameroon Children's Hospital, kote patnè pwojè a (yon doktè) te gen yon vizyon klè pou aranjman depatman chiriji ak ijans yo. Olye pou yo enpoze yon nouvo plan, ekip Rene a te suiv metòd kolaboratif BHI a: prezante plizyè opsyon, avèk avantaj ak dezavantaj yo chak, pou jwenn solisyon ki pi efikas. Lè li panche sou lavni, Rene di li pi eksite wè enpak BHI ap kontinye genyen sou kontinan afriken an.



Pwosesis Yon Pwojè

Konsepsyon–Konstriksyon BHI

FAZ 1



Pre-konsepsyon

Nan premye etap la, BHI travay ak patnè yo pou tradui objektif swen sante yo an premye lide konsepsyon, epi pou egzamine kijan espas yo ta dwe parèt, santi, ak fonksyone. Ekip la evalye sit la, règleman zòn nan, ak enfrastruktik ki egziste pou asire pwojè a posib e an liy ak bezwen klinik yo. Faz sa a bay yon apèsi jeneral sou depans planifikasyon oswa ranmase fon epi mete baz pou yon konsepsyon ki pratik ak santre sou pasyan an.


FAZ 2



Konsepsyon eskematik

Nan etap sa a, BHI rafine lide pre-konsepsyon an pou l tounen yon plan ki pi vizyèl ak pi detaye. Ekip achitekti ak enjènneri BHI a kolabore pou devlope desen preliminè ki klarifye aranjman, fonksyon, ak estetik pwojè a. Sa pèmèt patnè yo konprann pi byen direksyon pwojè a epi idantifye opòtinite oswa defi anvan yo avanse.

FAZ 3



Devlopman konsepsyon

Pandan faz sa a, BHI travay sou tout detay konsepsyon ki apwouve yo. Sa gen ladan planifikasyon aranjman chanm/pyès yo, eleman konsepsyon tankou sistèm estriktirèl ak mekanik. BHI travay ak patnè a pou asire konsepsyon an respekte tout egzijans fonksyonèl ak regilasyon lokal yo. Nan etap sa a tou, yo kowòdone bezwen ekipman prensipal yo pou garanti konpatibilite ak fleksibilite ak plan konsepsyon an.

Konsepsyon ak konstriksyon enfastrikti swen sante se yon pwosesis ki mande anpil etap ak patisipasyon plizyè aktè. BHI adapte chak pwojè selon bezwen patnè yo pou defini, devlope, epi egzekite solisyon inovatè ki reponn ak defi sante mondyal ki pi ijan yo. Chak pwojè kòmanse ak yon definisyon klè sou objektif ak perimèt li, epi BHI ofri tou sèvis konsepsyon, jesyon konstriksyon, konsiltasyon teknik, pwokirasyon, ak sipò pou antretyen etablisman yo.

FAZ 4



Dokiman Konstriksyon

Sa a se dènye faz nan pwosesis konsepsyon an. Li tradui plan apwouve a an yon seri dokiman teknik konplè: desen, spesifikasyon, ak plan estriktirèl. Konsa, pwojè a pare pou otorizasyon, apèldòf, ak konstriksyon. Ekip BHI a prepare tout detay achitekti, estrikti, ak enjènneri pou satisfè kondisyon kòd lokal ak estanda kalite entènasyonal yo.

FAZ 5



Pre-Konstriksyon

Nan etap sa a, BHI fasilite tranzisyon ant planifikasyon ak konstriksyon an. Sa gen ladan preparasyon dokiman kle, sipò pou kontraktè yo, ak sipèvizyon premye faz travay pre-konstriksyon yo. Faz sa a fleksib e li pèmèt chak patnè chwazi nivo sipò ki pi adapte ak bezwen pwojè li.

FAZ 6



Konstriksyon

Pandan faz sa a, BHI sipèvize pwosesis konstriksyon an pou asire tout bagay fèt selon estanda kalite, règleman, ak bidjè. Selon kontèks la, BHI kapab ofri sèvis konstriksyon konplè oswa kolabore ak konpayi lokal pou jere travay la onon patnè a. Nan tout ka, objektif la se menm: bati espas swen sante ki djanm, dirab, ak diy pou kominote yo sèvi.



Sant Ekselans Matènite



Partners
In Health
SIERRA LEONE

(Maternal Center of Excellence, MCOE)



**KOIDU,
SIERRA LEONE**

An kolaborasyon ak Partners In Health Sierra Leone, BHI ap finalize konstriksyon premye faz Sant Ekselans Matènite (MCOE) nan Kono, pou amelyore rezilta sante fanm ak timoun nan yon rejyon kote mòtalite matènèl ak neonatal toujou wo anpil.

Sant lan fèt ak prensip dirabilite ak diyite nan kè konsepsyon li, epi ekip konstriksyon an gen majorite fanm. MCOE a pral sèvi kòm yon sant referans rejyonal ak yon sant fòmasyon klinik, ki elaji aksè ak swen matènèl ak swen pou tibebe bon kalite nan tout Afrik Lwès.

Anplis MCOE, BHI ap dirije plizyè lòt pwojè enpòtan nan Sierra Leone. Chak pwojè ranfòse enfrastrikti swen sante a, ekipe kominote lokal yo, epi trase wout pou yon avni kote chak moun ka jwenn swen ki diy, aksesib, e ki gen bon kalite.



Sant Afriken pou Ekselans nan Jenomik Maladi Enfektyez



(African Centre of Excellence for
Genomics of Infectious Diseases (ACEGID))



EDE,
NIJERYA

BHI antre an patenarya ak Institute of Genomics and Global Health pou finalize premye faz Sant Afriken pou Ekselans nan Jenomik Maladi Enfektyez (ACEGID), yon pwojè ki ranfòse enfrastrikti pou preparasyon kont epidemi.

Kolaborasyon an gen ladan renovasyon yon laboratwa sekirite wo nivo (BSL-3), ansanm ak konsepsyon ak konstriksyon yon ekspansyon kanpis uit (8) bilding ki gen ladan laboratwa, sal klas, ak lojman. Mizajou sa yo sipòte misyon ACEGID la pou fòme pwochen jenerasyon syantis afriken yo, epi pou ranfòse kapasite rejyon an pou detekte, etidye, ak reponn a maladi enfektyez anvan yo tounen menas mondyal.



Lopital CURE pou timoun cure (CURE Hôpital des Enfants)



NIAMEY,
NIJÈ

BHI ap sipòte plan CURE Niger pou elaji kapasite chirijikal li ak amelyore swen pasyan yo. Sa gen ladan konstriksyon nouvo sal operasyon, renovasyon espas ki egziste pou swen apre operasyon ak anestezi, epi amelyore sistèm enèji solè lopital la. Mizajou sa yo pral ogmante aksè ak operasyon chirijikal, sipòte fòmasyon travayè sante yo, epi redui enpak anviwònmanal. Sa ap pèmèt pwofesyonèl CURE yo bay swen pi bon kalite pandan y ap ranfòse sèvis dirab lopital la pou kominote a.



Fòmasyon nan domèn Oksijèn ak Enjènyeri Byomedikal



60

peyi ki jwenn sipò teknik
jiska prezan

1,829

moun ki resevwa fòmasyon depi
lansman pwogram nan

120

dokiman edikatif pibliye nan lang
anglè, franse, panyòl, pòtjige, ak ris

Pou garanti aksè dirab ak oksijèn medikal, BHI kolabore ak gwo patnè multilateral tankou Global Fund to Fight AIDS, Tuberculosis and Malaria atravè Pwojè BOXER, pou mennen pwogram fòmasyon pratik pou enjenyè byomedikal, teknisyen, ak pèsònèl lopital nan anviwònman ki gen resous limite. Sesyon sa yo santre sou antretyen chantye “Pressure Swing Adsorption” (PSA) plant yo ak reparasyon ekipman medikal esansyèl yo. An kolaborasyon ak Fondasyon Wagner, Fondasyon Skoll, ak lòt patnè kle, BHI ofri asistans teknik, kowòdinasyon, amelyorasyon enfrastrikti, ak fòmasyon konplè pou asire sistèm oksijèn medikal yo rete fonksyonèl, fyab, ak sekirize. Lè li bati kapasite lokal epi kolabore ak Ministè Sante ak lopital yo, BHI ap ranfòse rezilyans sistèm swen sante yo sou tèms long, pou oksijèn kontinye rive kote li pi nesèsè a.

Kominote

nou an



Build Health
International

Nou vle remèsye tout moun nan kominote mondyal nou an pou jenerozite ak solidarite yo.

Sipòtè nou yo te òganize kanpay pou leve konsyans ak ranmase fon esansyèl ki soutni enpak BHI a. Yo tounen donatè chak mwa, patnè, ak sponso pwojè; yo bay materyèl oswa lojisyèl an natirèl pou soutni travay nou; yo finanse depans operasyonèl nou yo; epi yo rete angaje nan batay pou ekite nan domèn sante. Nou rekonesan anvè tout moun ki fè travay nou posib. notre travail possible.



Dr. Austin Demby

Minis Sante | Gouvènman Sierra Leone



Sant Ekselans Matènite a nan Kono, Sierra Leone (akwonim angle : [MCOE]), se yon prèv fòs patenarya lè n ap travay pou amelyore sante manman ak timoun nan peyi Sierra Leone. Ansanm ak Partners In Health ak Build Health International, n ap pote chanjman dirab ki pral benefisye jenerasyon kap vini yo.



Dr. Dave Lowrance

Espesyalis Siperyè | The Global Fund



BHI se yon patnè endispansab pou Global Fund, lè li soutni aplikasyon solid nan pwojè enfrastrikti ak finansman oksijèn medikal nou yo. Travay yo toujou reflekte prensip nou yo: konsepsyon ak operasyon dirije pa peyi yo menm, ak konsantrasyon sou dirabilite ak kapasite sistèm sante yo. BHI vin tounen sinonim ak patenarya otantik, ak yon angajman total pou kalite, kèlkeswa kontèks la oswa defi yo.





Dr. Regan Marsh

Direktè Medikal Asosye pou Ekite nan Sante nan Mass General Brigham | Manm Konsèy Administrasyon BHI



Jaime Mchunu

Direktris Asistan | Center for Global Health Equity, Dana-Farber Cancer Institute

« Twò souvan, oksijèn medikal pa disponib oswa li limite nan kote BHI ap travay yo. Lè mwen te travay ak Partners In Health an Ayiti, ekip nou an te okipe pasyan kritik chak jou, sòti nan konplikasyon pandan akouchman rive nan ka ijans. Oksijèn medikal te fondamantal pou swen nou. Li te sove tibebe, estabilize pasyan, epi pèmèt nou bay pi bon swen posib. Aksè kontinyèl ak oksijèn se pi bon envestisman nou te fè nan enfrastrikti; li te sove plis lavi pase nenpòt lòt bagay. Travay BHI asire aksè san entèripsyon ak oksijèn chak jou. »

« Sant pou Ekite nan Sante Mondyal (akwonim angle : [CGHE]) nan Dana-Farber Cancer Institute kontan devlope yon nouvo patenarya ak BHI. Li klè ke ni nan misyon ni nan aksyon, nou sou menm liy lan, e gen anpil opòtinite pou kolaborasyon. Nou fyè pou travay ak BHI, yon òganizasyon ki pataje menm vizyon sa a, e nou gade devan pou kontinye devlope aktivite fòmasyon ak edikasyon ansanm, epi pataje resous ki egziste yo. »

Konsèy

Administrasyon

- Dr. Patricia Maguire Meservey (Prezidan)
- Bob Broudo (Vis Prezidan)
- Dr. Harry Dumay (Trezorye)
- Jennifer Aliber (Sekretè)
- Andrew DeFranza
- Bonni Theriault
- Herby Duverné
- Father John Unni
- Karen Keating Ansara
- Mark Michalowski
- Dr. Patrick Ulysse
- Dr. Philip Onyebujoh
- Dr. Regan Marsh
- Stuart Meurer

Konsèy Administrasyon Build Health International konpoze de yon gwoup lidè vizyonè ak angaje ki dedye ak prensip ekite. Eksperyans pwofesyonèl yo varye ant medsin klinik, edikasyon, ak filantwopi. Nou rekonesan pou konsèy ak sipò kritik yo, ki kontinye gide direksyon ak lavni BHI.



Building the Foundation
for Global Health Equity

Kontakte nou

Beverly Office
100 Cummings Center
Suite 120B
Beverly, MA 01915
United States

info@buildhealthinternational.org
+1-978-338-9002

Rejwenn nou



[buildhealthinternational.org](https://www.buildhealthinternational.org)

Suiv nou



@BuildHealthInternational



@Buildhealthinternational



@BuildHealthIntl



Build Health International



Build Health International



Build Health International

